

Enstriksyon sou metwonidazòl ak klendamisin pou patnè seksyèl ki gen peni yo

Apwopo


Gen rechèch ki montre ke lè patnè seksyèl la sou tretman pou vajinoz bakteryèn (Bacterial Vaginosis, BV), sa fasilite gerizon BV a epi sa diminye risk pou enfeksyon an repete.

Tretman BV pou patnè seksyèl la egzije pou yo itilize alafwa:

- **Yon konprime** – Yon antibyotik pou l pran nan bouch li ki rele metwonidazòl AK
- **Yon krèm** – Yon antibyotik ki rele klendamisin

Konprime yo elimine bakteri BV a anndan irèt la (tib kote pipi pase a) epi krèm nan elimine bakteri BV a sou po peni an.

Enstriksyon sou fason pou pran konprime yo




Pran yon konprime nan maten ak yon konprime nan aswè pandan 7 jou. Ou dwe manje pou w pran konprime yo.

Enstriksyon sou fason pou w pase krèm nan

Pase krèm nan ni nan maten ni nan aswè pandan 7 jou. Si w ap panifye pou w benyen anba douch, tanpri, pase krèm nan apre w fin benyen anba douch la pou dlo a pa retire krèm nan. **Swiv etap 1-5 yo.**

1.




Prije krèm nan pou l fè yon liy soti nan pwent dwèt ou rive nan premye pli a, jan sa parèt nan imaj la

2.




Si peni w gen po, kale l avan w pase krèm nan

3.




Fwote krèm nan sou po ki nan tèt peni an, pandan w ap kouvri tout tèt li soti nan tèt peni an rive nan kanal la ki twouve l touswit anba tèt peni an

4.



Prije krèm nan pou l fè yon dezyèm liy soti nan pwent dwèt endèks ou rive nan premye pli a

5.



Fwote dezyèm liy krèm nan soti nan kanal anba tèt peni an rive nan baz la, pandan w ap asire w ke li kouvri tout kò peni an. Fwote krèm nan tou dousman sou po a.



Videyo ki Bay Enstriksyon



Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Enfòmasyon sou Sekirite

Sa gen plizyè lane depi y ap itilize ni metwonidazòl la ni klendamisin nan pou trete moun ki gen vajen ki gen BV yo. Toude antibyotik yo san danje, san yo pa prezante gwo efè segondè lakay moun ki gen peni yo. Gen kèk moun ki pran metwonidazòl la ki kapab prezante efè segondè ki endike annapre yo:

- Maltèt lejè
- Kè plen
- Bouch yo gen gou metal

Li enpòtan pou w **pa konsome okenn alkòl** pandan 7 jou w ap pran **metwonidazòl** la, paske li kapab afekte medikaman an.

Gen yon ti gwoup moun ki ka vin gen ti woujè oswa iritasyon nan po peni an akòz **krèm klendamisin** nan. Anjeneral, sa pa vle di li nesèsè pou yo sispann itilize krèm nan.

Si w vin devlope kèk sentòm ki enkyete w pandan w ap pran antibyotik yo, tanpri, pale avèk doktè w la

Enpòtan

- Li enpòtan pou w **pa rate okenn dòz krèm nan oswa konprime a pandan 7 jou yo**. Si w rate yon dòz, kontinye pran antibyotik yo de (2) fwa pa jou pou jiskaske yo fini.
- Si sa posib, pran medikaman an nan menm dat patnè seksyèl ou a pran medikaman pa l la.
- Tanpri, **fè yon kanpe sou tout rapò seksyèl** pou jiskaske nou toude patnè seksyèl yo fini tretman an pou n evite echanje bakteri ant patnè seksyèl ak pou nou evite trape BV a ankò. Sa se yon pratik nòmal pou patnè seksyèl ki sou tretman abaz antibyotik. Si w ap antre nan rapò seksyèl vajen-peni, tanpri, itilize yon kapòt epi konnen ke krèm nan ou fèk pase a ka afebli efikasite kapòt ki fèt ak latèks yo.



MSHC
MELBOURNE SEXUAL HEALTH CENTRE
Part of AlfredHealth

NYC
Health